



**PENILAIAN AKHIR SEMESTER GANJIL
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2021 / 2022**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : 6 (Enam)

Hari / Tanggal : Senin , 6 Desember 2021
Waktu : 30 Menit

1. Tulisen salah siji jawaban a,b,c,utawa d sing ko anggep paling benar ing wadiah sing wes disediakake!

Sayuk Rukun Ndandani Omah

Dhukuh Banjaran mapan ing pereng gunung. Warga Banjaran urip ulah tetanen ing tegal utawa sawahe. Salah sijine warga Banjaran arane Bulik Trismi. Bulik Trismi wis randha ora duwe anak. Bojone wis tinggal donya watara sepuluh taun kepungkur, Panguripan sabenedane, Bulik Trismi mung buruh-buruh sing asile kanggo mangan wae sasat kurang. Mulane uripe Bulik Trismi tansah kecingkrangan

Jalaran wis randha, Bulik Trismi ora kuwagang ndadani omahe. Omahe sing saka gedheg wis amoh. Gedhege padha gapuk merga wis suwe. Malah kana kene gedheg dipangan rayap. Payone uga wis rusak. Usuke sing wis gapuk, gawe genthenge padha mlesat. Malah wis ana sing padha ceblok padha pecah. Yen wayah udan omahe Bulik Trismi trocoh kabeh.

Kepala dhusun sing uga karan kamituwa weruh kahanan kuwi banjur nglumpukake wargane. Wong-wong diajak gotong royong nulung Bulik Trismi ndadani omahe. Pak Kamituwa ngandharake manawa omah kuwi dibangun nganggo batako. Mula saliyane butuh tenaga uga butuh dhuwit kanggo tuku material. Wong wong padha setuju nglumpukake material dhisik. Yen mengko material wis cumepak, banjur gotong royong mbangun omah. Sawise watara sasasi dhuwit wis cukup kanggo tuku material. Pak Lantip sing tukang watu lan tukang kayu sing mimpin gawe omah. Wong-wong padha tumandang nanging ora ngarep-arep bayaran. Material sing kurang isih entuk sumbangan maneh. Pangane sing nyambut gawe uga disumbang tangga teparo.

Bareng dadi, omahe Bulik Trismi ora pati gedhe. Nanging katon rosa tur wis ora trocoh maneh. Omah sing maune gedheg, dadi gedhong Bulik Trismi ora kadhemen kaya nalika omahe isih gedheg kae. Kabeh merga gotong royonge wong sadhukuh

1. Apa sumber pengasilane Bulik Trismi?

- A Ditinggal bojone
- B. Randha ora duwe anak.
- C. Mung buruh-buruh.
- D. Urip kecingkrangan.

2 Apa sing gawe gentheng omahe Bulik Trismi padha mlesat?

- A. Gedhege dipangan rayap.
- B. Payone wis rusak
- C. Omahe trocoh kabeh.
- D. . Usuke padha gapuk.

3. Apa sing diklumpukake dhisik kanggo mbangun omahe Bulik Trismi?

- A material
- B. batako
- C tenaga mbangun
- D. tukang watu

4. Sapa sing mbangun omahe Bulik Trismi nganti rampung?
- A Kamituwa
 - B. Pak Lantip
 - C Tukang watu lan kayu
 - D. Wong sadhukuhan
5. Kepala dhusun sing uga karan kamituwa weruh kahanan kuwi banjur nglumpukake wargane. Wong-wong diajak gotong royong nulung Bulik Trismi ndadani omahe. Pak Kamituwa ngandharake manawa omah kuwi dibangun nganggo batako. Mulane saliyane butuh tenaga uga butuh dhuwit kanggo tuku material. Wong wong padha setuju nglumpukake material dhisik. Yen mengko material wis cumepak, banjur gotong royong mbangun omah.
Cuplikan crita iki kanggo mbuktekake yen warga dhusun tansah ...
- A. ayem tentrem
 - B. nglumpukake material
 - C. manut kepala dhusun
 - D. guyup rukun
6. Aja ny h dhuwit glethak-glethek mundhak ilang, jalaran kelas kene kanca sing ...
Tembung entar sing bener kanggo nggenepi ukara iki ...
- A. cupet pikire
 - B. dawa tangane
 - C. gedhe sirahe
 - D. tipis lambene
7. Cakraningrat, Raja Mataram rumangsa panas atine nguningani Adipati Rangga Tohjiwa ora gelem teluk marang Mataram. Prentah Suramentaya supaya nelukake Kadipaten Malang. Suramentaya sing wis tuwa dibantu Surantani, nom-noman sing marang dadi senapatine prajurit. Prajurit budhal nggempur Kadipaten Malang.
Cuplikan crita iki tembung sing klebu tembung entar, yaiku
- A. panas atine
 - B. ora gelem teluk
 - C. senapatine prajurit
 - D. budhal nggempur
8. Kang kalebu titikane pawarta utawa informasi, yaiku
- A. critane wong liya
 - B. kedadean ing crita
 - C. cathetan keadeane dhewe
 - D. kedadean kang nyata

9. Unsur pembangun informasi kang nuduhake ngenani alasan utawa sebab dumadine sawijine kedadean, yaiku ...

- A. kapan
- B. kepriye
- C. ing ngendi
- D. geneya

10. Tembang sing kedadeyan saka 7 gatra : 8i, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a diarani tembang ...

- A. Kinanthi
- B. Gambuh
- C. Asmaradana
- D. Pangkur

11. Tembang Pangkur kedadean saka....

- A. 7 gatra : 8a, 11i, 8u, 7a, 12u, 8a, 8i
- B. 7 gatra : 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7a
- C. 7 gatra : 8a, 8a, 8e, 8a, 7a, 8u, 8a
- D. 6 gatra : 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i

Teks ing ngisor iki kanggo nomer 12, 13, 14.

Anoman malumpat sampun
Prapteng witing nagasari
Mulat mangandhap katingal
Wanodua yu kuru aking
Gelung ukar wor lan kisma
Kang kaiga iga kaesi

12. Tembang iki jenenge tembang.

- A. Mijil
- B. Kinanthi
- C. Megatruh
- D. Sinom

13. Sasmitane tembang dumunung tembung

- A. Anoman
- B. malumpat
- C. Prapteng
- D. Kaeksi

14. Unen-unen kang gumathok, ngemu surasa pepindhan, dene pepindhan mau tumrap wong lan kahanan utawa pakertine diarani

- A. saloka
- B. bebasan
- C. paribasan

- D. teks deskripsi
15. Mulat mangandhap katingal, tegese....
- A. Madhep mandhuwur wis katon
 - B. Madhep mangisor banjur katon
 - C. Ngawasi kiwa tengen banjur katon
 - D. Ngongak mangisor bola-bali
16. "Kedadeane ing lapangan Kecamatan Bangoan".
- Unsur pambangun kang dituduhake saka ukara ing iki, yaiku ...
- A. apa kang dumadi (what)
 - B. ing ngendi dumadine (where)
 - C. kapan dumadine (when)
 - D. kepriye dumadine (how)
17. Prakara sepele dadi prakara gedhe, bebasane....
- A. kebo nusu gudel
 - B. becik ketitik ala ketara
 - C. adigang, adigung, adiguna
 - D. kriwikan dadi grojokan
18. Keplok ora tombok, duwe teges....
- A. Gelem melu seneng, nanging ora gelem ngetokake wragad.
 - B. Tumindak ala kanthi kongkonan marang wong liya.
 - C. Katone ngrewang utawa nulung, nanging malah nyusahake.
 - D. Wong sing keh omongane, nanging ora ana nyatane.
19. Tembung ing ngisor iki sing ora klebu jinise informasi, yaiku.....
- A. cerita fiksi
 - B. narasi
 - C. deskripsi
 - D. persuasi
20. Produkanyar, supaya awak panggah sehat stamina kuat. Ngombe obat tetes Esteh. Diramu saka tetuwuhan herbal. Aman banget dikonsumsi
Jinise teks informasi iku jenenge....
- A. iklan
 - B. opini
 - C. artikel
 - D. pawarta

21. Ukara ing ngisor iki sing klebu pariwisata yaiku
- A. Listrik dina iki 3 Maret 2019 bakal mati jroning rong ing desa Mlathi, Mawar, lan Kenanga.
 - B. Gunung katon biru njenggeleg, saka kadohan kaya buta sing lagi mangap mandhuwur.
 - C. Wis cukup semene dhisik kabar saka aku, mbesuk bisa disambung maneh.
 - D. Kunir salah sijine bahan obat sing mujarab, mulane becik banget yen kanggo omben-omben.

22. Desa mawa cara, negara mawa tata. Paribasan iki tegese....

- A. Desa dadi reh-rehane negara.
- B. Saben papan duwe tata cara sing beda.
- C. Desa lan negara duwe tatanan dhewe dhewe.
- D. Tata cara kuwi diduweni desa lan negara.

Tembang ing ngisor iki kanggo nomer 23 lan 24.

Pangkur

Yo pra kanca anindakna
Pitutor kang kebak tepa palupi
Mituhu pitutor guru
Ngabekti ibu bapa
Marang kanca kudu tansah gurub rukun
Aja tumindak kang ala
Murih tentrem lahir batin

23. Tembang ing ndhuwur watake.....

- A. sembrana
- B. sedhik
- C. guyub
- D. sereng

24. Murih tentrem lahir batin. Tentrem kosok baline.....

- A. ayem
- B. tukaran
- C. goreng
- D. rukun

25. Ukara ing ngisor iki sing klebu saloka, yaiku...

- A. Desa mawa cara negara mawa tata
- B. Bathok bolu isi madu
- C. Asu belang kalunguwang
- D. Dom sumurup ing banyu

26. Beras kutah arang bali.....
Tegese barang sing wis dienggo ora bakal bali kaya maune,
Bebasan iki teruse ...
- menyang kandhange
 - menyang takere
 - menyang daringan
 - menyang parine
27. Mburu uceng kelangan dheleg.
Tegese bebasan iki
- Mburu barang sepele nanging kelangan barang sing gedhe.
 - Golek iwak uceng neng kali kelangan barang pengaji.
 - Mburu barang sing pengaji, nanging kelangan barang sethithik.
 - Ngoyak wong cilik nanging dicekel wong sing luwih gedhe.
28. Paragane ing wacan informasi wujud...
- jeneng singlon manungsa
 - jeneng tambahan
 - jeneng wong rerekan
 - jeneng manungsa sabenera
29. Kinanthi
- Sekar kinanthi pitutur
Tumrap tataraning murid
Mbangun turut gurunira
Gegaran wulang kang becik
Bekti marang ingkang rama
Mring kang ibu kudu bekti
- Isine tembang kinanthi ing ndhuwur.....
- pitutur marang guru
 - pitutur marang rama
 - pitutur marang ibu
 - pitutur marang murid
30. Kebo mulih menyang kandhange.
Bebasan iki tegese....
- Wong tuwa mbesuk yen wis tuwa bakal diopeni dening anake.
 - Wong lelungan adoh, mbesuk bakal bali menyang papan asale.
 - Wong urip kuwi mbesuk yen mati bakal bali menyang asale.
 - Wong yen wis mati bakal ngadhep marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

31. Pariwara: Kabeh warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa, 12 Mei 2019 wajib padha nggunakake hak pilih. Pilihan kepala desa sing dileksanakake ing balai desa wiwit jam 08.00 nganti rampung. Saka pariwara kasebut bisa entuk informasi
- A. warga Desa Banyubiru mbesuk dina Selasa
 - B. pilihan kepala desa, Selasa, 12 Mei 2019
 - C. wajib nggunakake hak pilih
 - D. wiwit jam 08.00 nganti rampung
32. Sing klebu perangane teks iklan, yaiku
- A. Bakal dileksanakake saben dina Sabtu.
 - B. Regane murah nanging piguna kanggo kesehatan.
 - C. Yen mateng rupane lan yen dipiket empuk.
 - D. Yen dietung ana lima, nanging jarene ana enem.
33. Kanggo njaga supaya sumber banyu panggah bisa mili ing mangsa ketiga. Kudune njaga lingkungan kanthi
- A. lingkungan digawe sawah sing jembar
 - B. digawe perumaha lingkungan sing akeh
 - C. lingkungan ditanduri wit-witan gedhe
 - D. lingkungan diresiki banjur ditanduri suket
34. Tembang macapat iku cacahé ana ...
- A. 10
 - B. 11
 - C. 15
 - D. 8
35. Tembang macapat uga diarani tembang ...
- A. Tembang tengahan
 - B. Tembang cilik
 - C. Tembang dolanan
 - D. Tembang gedhe
36. Cacahing larik saben sapada diarani ...
- A. guru lagu
 - B. guru wilangan
 - C. guru gatra
 - D. guru swara
37. Guru gaatrane tembang pocung ana ...
- A. 3
 - B. 2
 - C. 5
 - D. 4

38. Guru wilangan yaiku ...

- A. cacahing wanda saben sak gatra
- B. cacahing gatra saben sapada
- C. cacahing pada saben salagu
- D. cacahing tembung saben salagu

39. Candra tuku batu ing warung . Ukara ing sisih jejere yaiku ...

- A. tuku
- B. Candra
- C. ing warung
- D. batu

40. Ukara ing soal no 39 wasesane yaiku ...

- A. tuku batu
- B. Candra
- C. ing warung
- D. batu

41.



Ukara nganggo aksara jawa ing duwur iku unine ...

- A. Jana tuku bandeng ing pasar
- B. Jaka tuku bandeng ing pasar
- C. Jaka jajan bandeng saka pasar
- D. Jaka tuku sepatu anyar

42.



Ukara nganggo aksara jawa ing duwur unine ...

- A. bekti waluyo
- B. becik ketitik olo ketoro
- C. becike ojo ketoro
- D. becike ojo digawe ketoro

43.



ukara nganggo aksara jawa ing sisih unine ...

- A. Pahri grumuk-grumuk
- B. Pahri guyumu
- C. Pahri guya guyu
- D. Pahri tuku mundu

44. Kembang jambe arane ...

- A. menik
- B. dlongop

